




Lekòl Piblik Brawd Konti

Depatman Divèsite, Prevansyon ak Entèrvansyon
Gid Paran sou MTSS/RtI

Ki sa ki yon “Multi Tiered System of Support “ ye (MTSS)?

MTSS se yon tèm ki refere ak fason lekòl yo òganize ansèyman akademik ak konpòtman pou tout elèv resevwa sipò yo bezwen pou yo gen siksè.



Ki enpak MTSS / RtI pral fè pitit mwen?

- “Multi – Tier System Supports” (MTSS) asire ke pitit ou resevwa divès nivo sipò akademik ak konpòtman ki baze sou bezwen li.
- Pitit ou pral fè pati pou ya idantifyer pwoblèm akademik oubyen konpòtman bonè, konsa yo kab bay asistans depi premye siy difikilte a.
- Èd pou pitit ou pwal ogmante oswa diminye depann sou bezwen li.
- Nou ankouraje w vin patisipe nan planifikasyon ak founi entèrvansyon pou ede pitit ou.
- Ou ap resevwa enfòmasyon souvan sou pwogrè pitit ou a.

Ki sa pou m fè si mwen kwè pitit mwen gen difikilte ?

- Pale ak pwofesè pitit ou.
- Revize epi ede ak devwa demezon.
- Mande reyinyon regilyèman ak pwofesè pitit ou.
- Selebri siksè pitit ou..
- Aprann plis sou kourikoulòm, evalyasyon, ak entèvansyon yo itilize nan lekòl pitit ou.
- Patisipe nan konferans ak lòt reyinyon konsènan pitit ou.



Kouman mwen ka patisipe nan MTSS?

Lafanmi jwe yon wòl enpòtan nan sipòte sa pitit yo ap aprann nan lekòl. Plis paran yo patisipe nan edikasyon elèv yo, se plis elèv yo aprann. Pose kesyon pou ou aprann plis sou MTSS nan lekòl pitit ou:

- Eske pitit mwen reyisi? Kouman pou mwen konnen? Si li pa reyisi, poukisa epi kisa nou ka fè diferan?
- Si li nesesè, kijan yo pwal bay plis èd? Ki moun? Konbyen fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa mwen ka fè pou patisipe nan rezoud pwoblèm pitit mwen?
- Kisa mwen ka fè pou ede ak entèvansyon pou pitit mwen nan kay la?
- Kijan m ap fè konnen si entèvansyon yo ap travay?

Parental Resources

Videyo sa a se pou paran. Li entwodui kòman sèvi ak "solisyone pwoblèm" epi kòman li kapab afekte pitit ou.

<http://www.florida-rti.org/parentResources/videos.htm>

Pou ou jwen bon "verite" sou RTI ak MTSS, vizite sit sa a:

<http://www.florida-rti.org/parentResources/myths/index.htm>.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte "Student Support Initiatives" nan 754-321-1655 oswa vizite browardprevention.org.

<http://www.floridartti.org/parentResources/index.htm>